



MASSACHUSETTS
**Department of
Early Education and Care**



Swen/Gadri (C3) pou Timoun nan Commonwealth la Sesyon Enfo

18 Novanm, 2025

Kalandriye

- Revizyon sou C3
- Mizajou Novanm 2025 yo
 - Nouvo atestasyon
 - Pwogram ki nouvo pou Asistans Finansye Swen/Gadri pou Timoun
 - Egzijans pou itilizasyon investisman (pwogram prensipal yo sèlman)
- Planifikasyon pou Ane Fiskal 2027 la

Revizyon sou C3


- Sibvansyon C3 yo pa konpetitif e yo bay finansman operasyonèl pou founisè swen/gadri pou timoun ki kalifye e ki gen lisans EEC , ki ouvè epi k ap sèvi fanmi nan Massachusetts yo.
- Sibvansyon C3 yo ka itilize pou:
 - Investisman nan espas travay yo
 - Lòt investisman pou amelyore kalite pwogram yo tankou materyèl, kirikilòm, zouti tè depistaj, elatriye.
 - Pèman lwaye kay, bòdwo sèvis piblik, antretyen ak amelyorasyon enstalasyon, oswa asirans.

Kalkil Fòmil Aktyèl C3 yo

Kalkil Finansman C3 a chak mwa



Kalkil Finansman C3 a chak Ane



Fòmil Aktyèl C3 a

Tarif/To Debaz		
Kapasite Lisans la (Ajiste pa Enskripsyon an*)	Tarif Debaz Estandarize (selon gwoup laj ki pi jèn nan sèvis la, diferansye pou pwogram a tan pasyèl yo)	
	Gadri ki Santralize	Gadri Familyal
	X \$100 si w sèvi ti bebe (\$80 si w ouvè a tan pasyèl) \$80 si w sèvi timoun piti (\$60 si w ouvè a tan pasyèl) \$70 si w sèvi preskolè (\$50 si w ouvè a tan pasyèl) \$50 si w sèlman sèvi elèv ki nan laj lekòl (sa enkli kinder)	X \$80 si gen Asistan a Plen Tan (\$60 si w ouvè a tan pasyèl) \$60 si gen Asistan A Tan Pasyèl (\$40 si ouvè a tan pasyèl) \$50 si w pa gen Asistan (\$30 si ouvè a tan pasyèl)

1

2

Ajisteman Ekitab		
Nivo 1	- Sèvi 25% oswa plis timoun k ap resevwa EEfF CCFA, oubyen - Se yon Pwogram Head Start, oubyen - Sitiye nan yon zòn ki pa gen anpil opòtinite	X 3
Nivo 2	- Sèvi 1-24% timoun k ap resevwa CCFFA, oubyen - Sèvi omwen 25% timoun ki gen yon bous etid ki pa CCFA ki kouvri omwen 50% frè eskolyè a.	X 2.5
Nivo 3	Pa kalifye pou Nivo 1 osw Nivo 2, oubyen rapò konpansasyon CED a egal oswa depase 30:1	X 1

3

*Enskripsyon an baze sou mwayèn istorik 12 mwa. Sant ki gen yon mwayèn enskripsyon ≥75% resevwa tout to/tarif debaz yo. Sa yo ki gen yon mwayèn enskripsyon <75% gen tarif debaz prorata kòm sadwa. FCC ki gen ≥3 timoun ki enskri an mwayèn resevwa tarif debaz konplè a. Moun ki gen omwen 2 men mwens pase 3 timoun ki enskri an mwayèn pandan dènye ane a resevwa 75% nan to/tarif debaz la, omwen 1 men mwens pase 2 timoun ki enskri an mwayèn resevwa 50% tarif debaz la, epi plis pase 0 men mwens pase 1 timoun ki enskri an mwayèn resevwa 25% tarif debaz la. FCC ki gen 0 timoun ki enskri pa kalifye.

Mizajou Novanm 2025 yo

- Kenbe fòmil aktyèl la
 - Rekalkile sibvansyon yo pou pwochenn 12 mwa yo
- Ajoute atestasyon selon nouvo egzijans règleman legal la: Asire ke tout pwogram k ap resevwa C3 yo demontre yon volonte pou enskri timoun k ap resevwa finansman pou asistans swen/gadri pou timoun
- Pou pwogram prensipal yo sèlman: espere ke 50% finansman C3 yo aplike nan investisman fòs travay yo:
- Jere aksè nouvo founisè ki baze sou disponibilite investisman yo
 - Pwochenn trimès evalyasyon an prevwa fèt nan mwa Janvye 2026

Atestasyon

- Chak mwa, tout pwogram yo ap bezwen ateste volonte yo pou enskri timoun ki te resevwa CCFA, dapre nouvo egzijans lalwa a.
 - *“si w genyen yon plas ki disponib nan pwogram swen/gadri pou timoun ou an e gen yon fanmi k ap resevwa asistans finansman swen/gadri pou timoun EEC ki eksprime dezi pou l enskri, èske w t ap prè pou w travay ak yon ajans referans Resous Swen/Gadri pou Timoun (CCR&R) pou te ka antre nan yon akò ti kat sibvansyon (voucher)?f”*
 - *“Wi, si pwogram mwen an genyen yon plas disponib e yon fanmi k ap resevwa asistans finansye swen/gadri pou timoun EEC ki eksprime dezi pou l enskri, mwen prè pou m travay ansanm ak yon Ajans referans Resous Swen/Gadri pou Timoun (CCR&R) pou m antre nan yon akò ti kat sibvansyon (voucher) si pwogram mwen an pa gentan gen youn ki sou pye deja.”*
- Founisè yo pa oblije genyen yon akò an plas pou kounye a
- Pwogram yo ka mande yon revizyònman administratif si genyen difikilte pou patisipe nan CCFA yo
- Lis tout pwogram ki vle yo ap disponib pou piblik la sou [Education-to-Career \(E2C\)](#)

Nouvo Pwogram ki nan CCFA yo: kisa CCFA ye?

CCFA se yon pwogram ke leta a finisye ke EEC jere pou **ede fanmi yo peye pou swen/gadri timoun** ke yo konnen sou non “**sibvansyon oswa ti kat sibvansyon gadri**”. Fanmi yo ka resevwa èd atrave ti kat sibvansyon gadri (voucher) oubyen plas kontra yo.

- CCFA ede fanmi ki genyen swa ti kal revni oubyen sa ki pi zourwè yo osinon fanmi ki nan sitiasyon espesyal tankou DTA oubyen patisipasyon DCF ladan n peye pou swen/gadri timoun yo.
- EEC administre twa (3) pwogram finansman asistans swen/gadri pou timoun ki aksesib pou fanmi ki sou fòm ti kat sibvansyon (voucher) oubyen plas kontra yo. (Ejiblite Revni, ki gen rapò ak DCF, epi DTA)
- Fanmi yo ka aksede pwogram sa yo atravè EEC ki santralize sou lis atant yo oubyen pa referans DCF oswa DTA epi dwe ranpli règ ejiblite yo.

Kisa CCFA Kouvri

- Timoun pou swen/gadri pou ti bebe, ti bebe, ak preskolè yo
- Anvan lekòl, aprè lekòl, ak pwogram kandete pou timoun ki gen laj pou al lekòl ki resevwa Swen nan men:
 - Nan sant swen/gadri pou timoun ki lisansye yo
 - Kay gadri timoun ki gen lisans yo
 - Pwogram apwouve ki egzante lisans yo
 - Kan dete (pa bezwen yon lisans EEC pou sa) CCFA ede paran yo travay, ale lekòl, chèche travay, osinon estabilize pandan chanjman nan lavi yo.

Kisa yon founisè CCFA ye?

Yon founisè CCFA se yon founisè swen/gadri pou timoun ki gen lisans ki aksepte ti kat sibvansyon (voucher) CCFA a etanke yon fòm pèman pou sèvis swen/gadri timoun yo

Ejibilite/Kalifikasyon:

Pou aksepte CCFA yon founisè dwe:

- Deja lisansye pa EEC osinon apwouve etanke egzante de lisans
- Swiv règ sekirite EEC yo, patisipe, pèman ki kenbe bon repitasyon ak EEC

Kisa Sa Vle di Lè w se yon Founisè:

- Ou dakò pou w aksepte to ranbousman EEC yo chak jou etanke yon pèman
- Ou travay ak Resous Swen/Gadri pou Timoun lokal ou yo ak ajans referans yo (CCR&R)
- Ou pataje to/tarif prive pwogram ou an, lè w fèmen, ak manyèl paran an
- Ou asire w timoun k ap resevwa CCFA yo genyen menm aksè ak swen menm jan ak lòt timoun yo

Vini yon Founisè CCFA



Gadri Timoun Familyal

Founisè Gadri Familyal (FCC) ki nan Massachusetts yo kapab opere endepandan/poukont yo osinon etanke yon pati nan Sistèm Swen/Gadri pou Timoun Familyal yo. Tout fwa, yon founisè Gadri Familyal pou Timoun se yon moun endepandan oswa ki fè pati nan Sistèm Sibvansyon Gadri Familyal pou Timoun yo (FCS), pwosesis pou w ka vini yon founisè CCFA ka parèt diferan.

	Endepandan FCC (IFC)	Sistèm Gadri Timoun Familyal FCS/FSC)
Definisyon	Yon swen/gadri timoun ki opere poukont li.	Yon rezo kay FCC ki sipòte pa yon sistèm ki ofri fòmasyon ak siveyans.
Responsabilite yo	Founisè yo jere tout dokiman lisans yo, fomasyon, operasyon biznis, ak enskripsyon ti kat sibvansyon (voucher) poukont yo.	Sistèm lan bay sipò tankou nan fòmasyon, èd teknik, siveyans, ak referans pou sèvis yo.
Enskripsyon Bon dacha CCFA	Founisè yo siyen akò ti kat sibvansyon (voucher) dirèkteman ak CCR&R epi jere tout etap yo.	Founisè yo siyen yon akò ansanm avèk sistèm FCC a epi sistèm lan ede yo ak pwosesis lan epi sipòte konplisite ki enkli èd pou rejwenn fanmi yo.
Preferans Founisè	Founisè ki pi pito endepandans konplè yo ansanm ak kontwòl pwogram yo.	Founisè ki vle sipò adisyonèl yo oswa bezwen èd ak travay administratif yo.
Saw dwe atann	Plist travay endepandans ak administratif.	Plis sipò men mwens endepandans nan kèk pati.

Kisa CCFA Peye: To/Tarif Ranbousman

To/Tarif ranbousman CCFA yo fikse pa EEF epi depann de:

- Kalite founisè (prensipal, Swen/Gadri Timoun Familyal,)
- Rejyon eta a
- Laj timoun lan (timoun, ti bebe, preskolè, timoun ki gen laj pou y al lekòl)
- Swen/Gadri pou timoun a plen tan oswa mwatye tan

Detay Pèman Adisyonèl yo

- Fanmi yo ka genyen yon **kopèman/frè paran** selon revni yo
- Founisè yo resevwa yon pèman chak mwa pou swen/gadri timoun yo te deja founi an.
- Yo rekòmande depo lajan dirèk pou pèyman ka fèt pi rapid

CENTER-BASED RATES

	Center-Based Care						
	Early Education			School Age			
	Infant	Toddler	Preschool	Before Only	After Only	Before & After	Full Day
Western, Central & Southeast (Regions 1, 2, 5)	\$ 105.00	\$ 82.50	\$ 58.09	\$ 11.74	\$ 24.68	\$ 36.43	\$ 49.69
Northeast (Region 3)	\$ 110.25	\$ 85.97	\$ 59.09	\$ 12.74	\$ 27.58	\$ 40.06	\$ 51.38
Metro & Boston Metro (Regions 4, 6)	\$ 121.31	\$ 110.09	\$ 81.33	\$ 12.81	\$ 28.31	\$ 41.12	\$ 52.81

FAMILY CHILD CARE RATES

Fiscal year 2025 rates for family child care providers have been finalized and ratified by the SEIU Local 509.

	Family Child Care Provider (Contract Reimbursement Rates*)	
	Providers: Under 2 Years of Age	Providers: 2 Years of Age and Over
Western, Central & Southeast (Regions 1, 2, 5)	\$59.03	\$49.39
Northeast (Region 3)	\$59.03	\$49.15
Metro & Boston Metro (Regions 4, 6)	\$88.54	\$56.16

* FCC System Admin rates were separated from the daily reimbursement rate and incorporated into the Family Child Care System Administrative Management Cost Reimbursement contracts that EEC implemented on October 1, 2024. For more information, please see question #5 in the FCC Rate Increase Policy Advisory FAQ.

Fason Fanmi yo Konekte avè w

Kòman Fanmi yo Jwenn pwogram ou an

- **CCR&R ak Mass211** konekte fanmi yo a founisè yo selon preferans fanmi yo
- **DTA ak DCF** refere fanmi ki bezwen swen/gadri timoun yo.
- **Sistèm Swen/Gadri Fanmi Timoun yo (FCS)** ka tou konekte w ak fanmi yo, swa atravè ti kat sibvansyon gadri (voucher) oubyen lè w mete yon timoun nan sistèm **plas kontra yo**.
- Fanmi yo ka toujou jwenn ou atravè:
 - Yon moun ki di yo
 - Sou sit entènèt pwogram ou an
 - Patnè kominotè yo
 - Òganizasyon lokal yo

Kijan I Fonksyone

- Yon fanmi resevwa yon ti kat sibvansyon gadri (voucher) osinon jwenn plas nan yon kontra.
- Yo chwazi pwogram ou an oswa matche ak CCR&R oubyen yon Sistèm Swen/gadri pou timoun Fanmi an.
- CCR&R voye otorizasyon ti kat sibvansyon gadri (voucher) (osinon sistèm lan chwazi yon plas nan yon kontra).
- Ou konplete enskripsyon an epi kòmanse bay swen.
- Ou resevwa pèman chak mwa pou sèvis ou founi yo.

Egzijans pou Itilize Fon an

- *Li aplike sèlman pou pwogram prensipal yo*
- Egzijans yo fokis sou fon C3 yo – asire ke 50% de sibvansyon an ale nan investisman fòs travay yo.
- Investisman fon travay yo gen ladan l:
 - Depans pèsonèl (salè yo), benefis, alokasyon, ak lòt sipò pou rekritman ak retansyon;
 - Devlopman pwofesyonèl ak lòt investisman pou sipòte anplwaye yo nan bati kalifikasyon edikatè yo;
- *Pa egzanp: si yon pwogram C3 chak mwa koute \$100,000, sa vle di \$50,000 dwe ake nan investisman fòs travay yo*
- Nou konprann ke founisè yo bezwen konsidere C3 etanke youn pami plizyè fon resous yo epi konsidere finansman pwogram yo nan yon fason konpreyansif.

Egzijans pou Itilize Fon yo–Asistans Teknik

Devlope sipò konpreansif pou pwogram yo nan pran prensipalman mezi pou satisfè egzijans itilizasyon fon an.

Revizyone sous finansman aktyèl ki soti nan tout sous yo (Federal, Eta, Prive)


Revizyone kijan fon aktyèl la aloke pou anplwaye aktyèl yo ak sa yo prevwa genyen yo.

Pran nòt de tout restriksyon fon yo, admisibilite, ak atant pèsonèl yo.

travay avèk lidèchip siperyè ki aplikab, fiskal, ak pèsonèl administratif pou rann chanjman ototrizè fèt nan alokasyon finansman anplwaye yo.

EEC ap òganize fòmasyon ansanm ak sesyon asistans teknik nan kòmansman ane 2026 la pou ka sipòte founisè yo ak nouvo egzijans sa.

Planifikasyon Ane Fiskal 2027 la





Apendis

Aksyon Ane Fiskal 2026 yo

- 1 Etabli (kenbe) fòmil aktyèl la nan Ane Fiskal 2026 la
 - Pèmèt Ane Fiskal 2026 la fokis sou entegre kwasans nan bidjè aktyèl la
 - Bay tan adisyonèl pou revizyone epi konsidere fidbak piblik ak pa founisè a
 - Kreye tan ak yon pwosesis pou devlope epi planifye ajisteman fòmil ak/ oswa lòt yo nan Ane Fiskal 2027 la
- 2 Kontinye fè ajisteman pwogramatik yo
 - Asire ke tout ajisteman yo aliyen ansanm ak egzijans legal epi nan fason yo jere fon yo
 - Atestasyon volonte pou aksepte aplikasyon yo nan men timoun ki nan CCFA
 - Fon ki itilize egzijans ki baze sou fon nan investisman espas travay yo
 - Jere aksè pou nouvo founisè yo

Revizyon fidbak teren yo ak konsiderasyon pwopozisyon pou ane fiskal 2027 la pandan sezon otòn lan

Desizyon Administratif Ane Fiskal 2026 la


Nov 2025: kenbe (etabli) fòmil aktyèl Ane Fiskal 2026 la

- Revize aplikasyon an pou rekalkile sibvansyon pou pwochenn 12 mwa yo
 - Tout pwogram prensipal yo ap gen bezwen mete ajou fòm prensipal la
 - Pèman chak mwa a ap ajiste selon enfomasyon an
- Ajoute atestasyon legal selon nouvo egzijans yo: Asire ke tout pwogram k ap resevwa C3 yo demontre volonte pou enskri timoun k ap resevwa asistans finansye swen/gadri pou timoun
 - Fè yon lis de tout pwogram volontè ki piblikman disponib yo
 - Kolabore ak aksè aplikasyon fanmi an
 - Ajoute yon revizyo administratè pou mande pou mete aksan sou nenpòt baryè ki anpeche patisipasyon nan CCFA
- Entwodui atant de 50% de fon C3 a k ap gen pou aplike nan depans mendèv yo


Apèsis sou Kòmantè Piblik

- EEC te resevwa 221 kòmantè piblik, 31 nan Odyans Vityèl Piblik la epi 190 nan sibmisyon ekri yo
- An jeneral, 75% kòmantè yo pa sipòte okenn chanjman nan fòmil C3 aktyèl pou Ane Fiskal 2026 la

Sondaj sou Fòmil la



Pati Sijè yo



Sondaj Kòmantè Piblik yo

Tèm kle yo	Kontèks	Egzanp yo
Akoz de C3 mwen kapab.....	• Ogmante salè pou kenbe pèsònèl ki te la deja yo epi anbouche nouvo pèsònèl • Ranvwaye ogmantasyon ekolaj pou fanmi yo • Priyotize sèvi timoun ki plis vilnerab yo • Achte manje ki gen nitrisyon epi bay manje • Envesti nan kalite pwogram lan • Rete Ouvè	“sibvansyon sa a trè enpotan pou nou nan kenbe espas travay ak kalite pwogram nou an. Nou te mete yon gwo kantite fon nan lajan sibvansyon an pou pèsònèl nou yo pou n te ka eseye fè yo kontinye travay sou teren an nan pati edikasyon espesyal la,”
Fòmil C3 a dwe konsidere tou	• Sipòte sèvis konpreansif yo • Lòt endikatè de bezwen ekonomik yo • Konpansasyon espas travay	“sibvansyon C3 yo dwe pran an konsiderasyon pwogram ki bay sipò a timoun ki gen nesesite ki egzije plis travayè nan sal klas yo.”
Fòmil C3 a dwe chanje	• Ranje pèman chak mwa yo epi pèmèt ajisteman • Kalkil CCFA pou ajisteman ekite, patikilyèman lè ti kat sibvansyon gadri (voucher) yo pa disponib • Kalkil enskripsyon pou pwogram ane lekòl yo pou aliyen ak operasyon yo	“Blokaj sibvansyon ak lis datant ki long lan diminye kapasite nou pou n enskri timoun ki gen tikè ti kat sibvansyon gadri (voucher) yo —menm lè nou akeyi yo.”

[Lyen pou Kòmantè Piblik Odyans C3 a k ap fèt an Dirèk](#)